



DANTIS AP VINI NAN LEKÒL LA!

Resevwa swen dan nan lekòl la **GRATIS*** pou ou.

* Pou pasyan ki gen asirans Medicaid oswa PA CHIP

Enskri sou Entènèt!
www.MySchoolDentist.com

Eskane kòd avèk
telefon ou:



Li enpòtan pou pran swen dan pitit ou pou kenbe yo an sante.

FASIL AK PRATIK - Yon dantis ki gen lisans leta pral tcheke bouch ak dan pitit ou souvan, epi l ap bay netwayaj, radyografi, jan li nesese, tretman avèk fliyori epitou l ap aplike mastik, jan li nesese. Dantis la ka bay lòt swen tou, tankou plonbij. N ap bay pitit ou yon rapò dantè pou pote lakay li. Pèmasyon an gen ladan premye swen dan ak vizit siplemantè yo. **SIYEN KAT LA EPI RETOUNEN LI NAN LEKÒL OU JODI A!**



TANPRI BAY ENFOMASYON YO ANBA A

Non Legal Timoun nan	Siyati Legal Timoun nan	Dat Nesans (mm/jj/aaaa)	☐ Ti gason ☐ Ti fi
Adrès	Vil	Eta	Kòd Postal
Lekòl	Pwofesè	Klas	
Non Paran/Responsab Legal	Telefòn ()		
Imèl	Lòt nimewo telefòn ()		

KESYON ENPÒTAN SOU SANTE

Èske pitit ou gen nenpòt pwoblèm medikal, andikap, konpòtman oswa lòt pwoblèm lontan oswa kounye a? **TANPRI CHAK PWOBLEM MEDIKAL KI APLIKE POU PITIT OU EPI EKSPLIKE NAN ESPAS NOU BAY LA: TACHE ENFOMASYON SIPLEMANTE NAN FOM SA A JAN LI NESESE.**
SI PA GEN PWOBLEM MEDIKAL KI APLIKE, KITE ESPAS LA VID.

- | | | | | |
|--|---|--|--|-------------------------------------|
| ☐ Maladi kontajye aktif (tankou COVID-19) | ☐ Alèji nanm manje/sezonye | ☐ Twoub senyman | ☐ Dyabèt | ☐ Maladi ren |
| ☐ Opresyon | ☐ Alèji nan medikaman | ☐ Pwoblèm pou respire | ☐ Pwoblèm kè | ☐ Maladi fwa |
| ☐ Lòt _____ | ☐ Pwoblèm konpòtman | ☐ Pwoblèm dan | ☐ Twoub iminitè | ☐ Malkadi |

Endike medikaman pitit ou ap itilize nan moman an ak/oswa enkyetid dantè li yo: _____

SI TIMOUN NAN GEN MEDICAID/PA CHIP

Mete Nimewo Idantifikasyon Moun k ap Resevwa Timoun nan (Recipient ID Number, RIN) ISIT LA: _____

Fè yon ti wonn nan youn nan sa ki anba yo: Aetna CHIP, AmeriHealth Caritas, Blue Cross CHIP, Gateway, Geisinger, HealthPartners, Keystone First, Kidz Partners, United Concordia CHIP, United Healthcare, UPMC, Promise Medicaid

OSWA Nimewo Sekirite Sosyal Timoun nan # (si li genyen) _____

				-			-				
----------------------	----------------------	----------------------	----------------------	---	----------------------	----------------------	---	----------------------	----------------------	----------------------	----------------------

ASIRANS PRIVE POU SWEN DAN

Asirans. Non Konpayi a (pa Medicaid)	Asirans. Telefòn () -
Gwoup #	Non Patwon Konpayi Telefòn
Non Granmoun ki Asire a	Telefòn Konpayi () -
ID/ # Kontra Asirans Manm:	Dat Nesans Granmoun ki Asire a / /
	# SS Granmoun ki Asire a - -

SI TIMOUN NAN PA GEN ASIRANS DANTÈ

(FÈ YON TI KWA NAN YON REPONS ANBA A)

Si w ap peye pou sèvis yo, klipse chèk oswa mònè-òdè nan fòm sa a epi fè li peyab pou: **Smile Pennsylvania**. Pou peye avèk kat kredi, rele nimewo 855-481-8639.

- ☐ M ap peye frè redui pou yon netwayaj dan, tès depistaj ak fliyori pou chak vizit. Elèv ki gen laj 11 zan oswa mwens: **\$107.00** Elèv ki gen laj 12 zan oswa plis: **\$119.00**
- ☐ Mwen mande swen an kòm don pou kouvri depans pou yon netwayaj dan, tès depistaj oswa fliyori pou pitit mwen. (N ap voye yon aplikasyon pou swen dan kòm don ba ou. Disponib sèlman yon fwa pou chak ane lekòl pou swen prevantif sèlman.)

Si pitit ou wè yon dantis souvan, epi ou vle kontinye swen an avèk dantis sa a, tanpri fè sa.

LI EPI SIYEN NON OU ANBA A

Mwen konprann epi mwen otorize Big Smiles Pennsylvania P.C. (Founisè a), dantis oswa ijyenis dantè ki afilye ak li yo, pou yo ofri sèvis dantè nan lekòl la bay timoun non l site pi wo a, ki se pitit mwen epi ki anba responsabite legal mwen oswa titèl legal mwen, kote sèvis sa yo gen ladan yo yon egzamen, netwayaj, fliyò, selan, radyografi ak aplikasyon fliyò Dyamin Ajan selon jan sa nesese. (Itilizasyon fliyò dyamin ajan an kapab dekolore nanpòt kari pou fè yo vin mawon oswa nwa. Gade dèyè a pou jwenn detay.) Mwen otorize tou nenpòt lòt travay dantè tankou plonbij, pwosedi pou rache dan tibebe k ap bay pwoblèm, fè yon pwosedi pilpotomi (tretman nè nan dan tibebe), angoudisman bouch ak dan yo, ak lòt pwosedi selon jan sa nesese. Mwen li KESYON ENPÒTAN SOU SANTE ki pi wo a epi m ap siyale nenpòt chanjman enpòtan ki gen nan sante pitit mwen an lè m rele 855-481-8639. Mwen li AVI ENPÒTAN AK KONSANTMAN KI NAN PATI DÈYÈ PAJ SA A epi mwen konprann epi dakò ak kondisyon li yo.

SIYEN EPI METE DAT LA A

Konsantman sa a otorize premye ak vizit dantè a ak vizit pidevan yo.

DAT LA:

Pou konfidansyalite ou, Tanpri plwaye epi pwoteje



KESYON 855-481-8639 FAKS: 888-330-4331 Ale sou sitwèb nou nan: mobiledentists.com

Steven Pesis, DDS, Dental Director, Big Smiles Pennsylvania P.C.
200 Barr Harbor Dr., Ste. 400, West Conshohocken, PA 19428
© Big Smiles Pennsylvania P.C., 2026

AVI AK KONSANTMAN ENPÒTAN

Mwen konprann epi mwen otorize Big Smiles Pennsylvania P.C. (Founisè a) ansanm ak dantis oswa ijyenis dantè ki afilye ak li yo pou ofri sèvis sa yo bay timoun ki gen non l site pi wo a, ki se pitit mwen epi ki anba responsablite legal mwen oswa titèl legal mwen: egzamen dantè ak enstriksyon sou ijyèn oral, netwayaj dan, tretman ak fliyò, radyografi ak selan dantè, ansanm ak aplikasyon Fliyò Dyamin Ajan pou trete dan k ap pouri. Mwen otorize dantis la tou pou l ranpli nenpòt kari oubyen pou l mete yon kouwòn sou dan an, pou l rache nenpòt dan tibebe ki gen pwoblèm, pou l fè yon pwosedi pilpotomi (tretman nè nan dan tibebe yo), pou l mete aparèy pou espas fant dan yo ladan l oubyen pou l fè lòt tretman dantè selon jan sa nesesè. Mwen konprann gen risk nan tretman dantè, tankou anflamasyon oswa doule akòz tretman an oswa enjeksyon yon anestezi lokal, oswa reyaksyon alèjik. (Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan risk tretman an ak lòt altènativ tretman, tanpri rele nimewo ki afiche a.) Mwen konprann yon pati nan egzamen dantè pitit mwen an ka fèt adistans epi enfòmasyon klinik (tankou radyografi) se enfòmasyon yo kolekte epi voye elektwonikman nan yon lòt etablisman pou evalyasyon dantis la ka fèt. Mwen dakò pou sèvis teledantis sa yo akonpli epi mwen konprann byenke pwoteksyon konfidansyalite a aplike, itilizasyon transmisyon elektwonik endepandan yo ka prezante plis risk pou vi prive. Mwen konprann mwen gen dwa pou mwen jwenn aksè a enfòmasyon medikal ki gen rapò ak sèvis teledantis la. Mwen otorize epi mwen mande Founisè Sèvis la pou l fakte epi kolekte peman nan men nenpòt Medicaid, asirans, oswa ajan peman. Mwen otorize lekòl pitit mwen an pou mete enfòmasyon asirans pitit mwen an disponib pou Founisè a ak ajan faktirasyon li a pou yo ka fakte sèvis yo bay ajan peman an. Si mwen gen asirans dantè prive, y ap voye yon bòdwo ban mwen epi mwen dakò pou m peye nenpòt franchiz ak/oswa kopeman. Tretman dantis lekòl la ap bay la ka afekte avantaj pitit ou an kapab resevwa alavni nan kad asirans prive, Medicaid oswa CHIP. Sof si m te fè aranjman annavans pou m ale, epi m la nan lè sèvis la, sèvis yo ap disponib san mwen pa bezwen prezan. Mwen bay konsantman mwen pou Founisè a voye mesaj tèks konsènan pwogram dantè lekòl la. Mwen rekonèt mesaj tèks pa yon fòm komunikasyon ki sekirize epi li prezante plis risk pou vi prive. (Founisè sèvis san fil ou a ka fè w peye frè pou mesaj ak/oswa done; pou w sispann benefisye sèvis la, reponn "STOP" nan nenpòt mesaj ou resevwa nou voye ba w. Ou dakò tou pou resevwa apèl telefonik ki anrejistre annavans epi/oswa ki otomatik an rapò ak pwogram dantè lekòl la nan nimewo telefòn fiks ak/oswa mobil ou te mete sou fòm konsantman sa a.) Mwen resevwa Avi sou Pratik Konfidansyalite (Notice of Privacy Practices, NPP) ki vin ansanm ak fòm sa a epi mwen bay konsantman pou yo divilge enfòmasyon dosye medikal pitit mwen an, ki gen ladan l dosye ki soti bòkote lòt pwofesyonèl lasante, ak nenpòt enfòmasyon sou VIH/SIDA, maladi kontajye, maladi transmisib seksyèlman, dwòg ak alkòl, ak anemi. Mwen otorize Founisè sèvis la pou l divilge enfòmasyon sa yo bay nenpòt moun ki responsab pou peye ak/oswa founisè sèvis administratif ak sou-kontraktèl yo pou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon konsènan tretman pitit mwen an, peman pou sèvis yo ak rezon operasyon swen sante yo. Konsantman siyen sa a otorize premye vizit dantè pitit mwen an ansanm ak vizit alavni yo. Mwen kapab anile konsantman sa nenpòt lè alekri.

Fliyori Ajan Dyamine (SDF)- Yon nouvo tretman dan pou batay kont kavite yo

AVANTAJ SDF: Kavite nan dan se pwoblèm ki komen sou timoun, men kounye a dantis yo gen yon lòt posiblite san danje, san doule parapò avèk pwosedi tradisyonèl pou fouye kavite yo ki rele fliyori ajan dyamine (SDF). SDF se yon likid antibyotik FDA apwouve pou ede anpeche kavite yo fòme, grandi, oswa simaye nan lòt dan yo. Dantis la ap senpleman bwose SDF nan dèye dan yo sèlman.

Lòt posiblite yo

- San tretman: Dan an ka kontinye ap gate epi lakòz doule.
- Lòt chwà yo: vèni avèk fliyori, yon plonbij oswa kouwòn, oswa dantis la ap rache dan an.

Risk yo

- Tretman SDF ka pa elimine bezwen pou yon plonbij tradisyonèl.
- Li nòmal pou SDF tache kavite a an koulè mawon oswa nwa—sa vle di l ap travay.
- Pati ki an sante yo nan dan an p ap tache.
- SDF kapab lakòz tach pou yon ti tan si li vin an kontak avèk po. Tach la pa reprezante danje epi li ta dwe disparèt nan mwens pase yon semèn.
- SDF ka lakòz yon gou metalik pou yon ti tan.



kavite



SDF ki aplike



Ou gen kesyon? Rele youn nan kowòdonatè swen nou yo nan nimewo 855-481-8639.

KONSÈVE POU DOSYE OU YO

STEVEN PESIS, DDS, DENTAL DIRECTOR

Mitchell Bialor, DDS, Lauren Bollenback, DMD, Richard Brown, DMD, Drew Carey, DDS, Jill Carre, DMD, Paige Delaney, DDS, Conner Diminick, DMD, Yolanda Dunn, DMD, Matthew D Frey, DMD, Timothy Gould, DMD, Douglas Henschel, DDS, Kristen Hollishwander, DMD, Cynthia Iseman, DMD, Jeff Jageman, DMD, Jack Lawrence, DMD, Robert Maxwell, DDS, Allison McCracken, DMD, Ann McDonough, DMD, Miroslav Nemet, DMD, Linh Nguyen, DDS, Steven Pesis, DDS, Maryna Petrasheuskaya, DDS, Dennis Petricoin, DDS, Miles Ranck, DMD, Noelle Rose, DMD, Shabnam Sedaghat, DMD, Bakhtawar Shafqat, DMD, Natalie Sorbello, DDS, Barry Stein, DMD, Leslie Wahl, DDS

AVI SOU PRATIK KONSÈNAN KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE
AVI SA A DEKRI FASON NOU KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI AVI A AVÈK ANPLI ATANSYON. KONSÈVE POU DOSYE OU YO

RESPONSABLITE LEGAL NOU

Li enpòtan pou nou pou kenbe enfòmasyon medikal ou yo konfidansyèl. Nou gen obligasyon dapre lwa federal ak lwa leta ki anviwè pou kenbe enfòmasyon pwoteje sou sante ou konfidansyèl. Nou gen obligasyon tou pou ba ou avè sa ou ou avè sa ou pou konfidansyalite, responsablite legal nou yo ak dwa ou konsènan enfòmasyon sou sante ou. Nou dwe swiv pratik konfidansyalite yo ki dekri nan avi sa a. N ap fè ou konnen si gen vyolasyon nan enfòmasyon medikal ou yo ki pa pwoteje.

Nou gen dwa pou chanje pratik nou yo pou konfidansyalite ak dispozisyon avi sa a nenpòt lè, jan lwa li anviwè ban nou pèmision pou fè sa. Nou gen dwa pou fè nenpòt chanjman nan pratik nou yo pou konfidansyalite ak nan nouvo dispozisyon avi nou ki anviwè nan tout enfòmasyon medikal nou konsève yo, tankou enfòmasyon medikal nou te kreye oswa te resevwa anvan nou te fè chanjman yo. Anvan nou fè yon chanjman enpòtan nan pratik nou yo pou konfidansyalite, n ap chanje Avi sa a epi n ap mete nouvo Avi a disponib pou demann

Ou ka mande yon kopi Avi nou an nenpòt lè. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pratik nou yo pou konfidansyalite, oswa pou jwenn lòt kopi Avi sa a, tanpri kontakte nou avèk enfòmasyon ki endike nan fen Avi sa a.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON ENFÒMASYON SOU SANTE

Nou itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ki konsène ou pou tretman, peman, ak fonksyònman swen sante. Pa egzanp:

Tretman: Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon doktè, enfimiyè lekòl/kowòdonatè swen sante, oswa ba yon lòt pwofesyonèl swen sante ki bay tretman pou ou.

Peman: Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou pou resevwa peman pou sèvis nou ba ou.

Operasyon Swen Sante: Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou anrapò avèk fonksyònman biznis nou tankou revizyon konpetans oswa kalifikasyon pwofesyonèl swen sante yo ak evalyasyon pèfòmans pratisyen ak founisè yo.

Otorizasyon Ou: Nou ka fè itilizasyon ak divilgasyon ki pa dekri nan Avi sa a sèlman avèk otorizasyon ekri ou. Answit, nou dwe jwenn otorizasyon ekri ou pou vann enfòmasyon medikal ou oswa pou itilize oswa divilge enfòmasyon ou pou vann machandiz oswa sèvis ba ou kote nou touche pou fè komunikasyon an. Si ou ban nou otorizasyon, ou ka anile li alekri nenpòt lè. Anilasyon ou fè a ap afekte okenn itilizasyon oswa divilgasyon nou ka fè avèk otorizasyon ou pandan li te anviwè. Sof si ou ban nou yon otorizasyon ekri, nou p ap itilize ni divilge enfòmasyon medikal ou pou okenn rezon ki pa sa ki dekri nan Avi sa a.

Pou Fannmi Ou ak Zanmi Ou ak Moun ki Patisipe Nan Swen Ou: Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon manm fannmi ou, zanmi ou oswa lòt moun ki patisipe nan swen ou nan limit ki nesesè pou ede avèk swen sante ou oswa avèk peman pou swen sante ou. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou tou ba òganizasyon sekou pou katastwòf pou ede jwenn moun pandan yon katastwòf. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou pou notifiye, oswa asiste nan notifikasyon, yon manm fannmi, yon reprezantan pèsonèl oswa yon moun ki responsab pou swen ou. Kote ou ye, eta sante jeneral ou oswa lanmò ou. Si ou pas vle nou divilge enfòmasyon medikal ou ba manm fannmi ou oswa ba lòt moun nan sikonsans sa yo, tanpri notifiye Fonksyonè HIPAA nan nimewo 888-833-8441.

Dapre Egzijans Lalwa: Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou lè nou gen obligasyon pou fè sa dapre lalwa.

Sekirite Piblik: Nou ka bezwen divilge enfòmasyon medikal ou ba ofisye lapolis, tankou pou bay repons pou yon manda rechèch oswa asiyasyon yon gran jiri, oswa pou ede ofisye lapolis idantifye oswa jwenn yon moun, pou rapòte lanmò ki te ka genyen akòz konduit kriminel, epitou pou rapòte konduit kriminel nan lokal pou yo.

Abi oswa Neglijans: Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba otorite konpetan yo si nou kwè yon fason rezonab ou se yon viktim posib nan abi, neglijans, oswa vyolans nan kay oswa viktim posib nan lòt krim. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou nan limit ki nesesè pou avèti yon menas grav pou sante oswa sekirite ou oswa pou sante oswa sekirite lòt moun.

Rapèl pou randevou: Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou pou fè ou sonje randevou ou genyen (tankou mesaj vokal, kat postal, lèt, imèl oswa mesaj nan tèks).

Aktivite Sipèvizyon Sante: Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize. Kèk nan aktivite sipèvizyon sa yo se, paregzanp, odit, ankèt, enspeksyon ak sondaj sou pèmi fonksyònman. Aktivite sa yo nesesè pou gouvènman an siveye sistèm sante a, deklanchman maladi, pwogram gouvènman, konfòmite avèk lwa sou dwa sivil yo epitou pou amelyore rezilta pasyan an yo.

Pwosè Ak Konfli: Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou pou bay repons pou yon tribinal oswa pou yon lòd administratif tribinal. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ki konsène ou pou bay repons pou yon asiyasyon, demann dekouvèt oswa lòt pwosesis lalwa.

Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon. Jan lalwa pèmèt oswa egzijte sa, nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou pou objektif rechèch; ba òganizasyon ki okipe ak kontwòl don ak grèf ògan; pou konpansasyon travay ak program sanblab pou konfòme nou avèk lwa ki gen rapò avèk konpansasyon travay oswa pwogram sanblab ki bay avantaj pou chòk oswa maladi moun pran nan travay; pou aktivite sante piblik tankou pou evite oswa kontwòl maladi; pou rapòte reyaksyon nan medikaman oswa pwoblèm avèk pwodwi; pou notifiye moun konsènan rapò pwodwi yo ka ap itilize; pou notifiye yon moun ki te ka ekspozè ladan, oswa ki arisk pou trape oswa transmèt yon maladi; ba egzaminatè medikal pou idantifye yon moun ki mouri oswa pou detèmine sa ki lakòz lanmò a; oswa ba direktè ponp finèb pou yo pran responsablite yo.

DWA PASYAN YO

Aksè: Ou gen dwa pou egzamine ak resevwa yon kopi enfòmasyon medikal ou, avèk kèk eksepsyon limite. Ou dwe fè yon demann alekri pou kapab jwenn enfòmasyon sou sante ou epi ou dwe fakte demann ou nan nimewo ki nan fen Avi sa a.

Kontrandi Divilgasyon: Ou gen pou resevwa yon lis kèk divilgasyon nou oswa asosye biznis nou yo te fè avèk enfòmasyon sou sante ou. Si ou mande kontrandi sa a plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa, nou ka reklame pou ou peye yon frè rezonab ki baze sou depans nou fè pou reponn demann siplemantè sa yo.

Restriksyon: Ou gen dwa pou mande pou nou mete restriksyon sou fason nou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou. Nou pa gen obligasyon pou dakò avèk demann ou, eksepte lè divilgasyon an ta fèt nan plan sante ou, oumenm (oswa yon moun sou non ou ki pa plan sante ou) te peye okonplè pou swen sante ou, divilgasyon an asosye avèk peman oswa fonksyònman swen sante, epitou li pa obligatwa dapre lalwa. Men, si nou dakò pou mete restriksyon an, n ap konfòme nou avèk akò a (eksepte nan yon jans).

Lòt Kalite Kominikasyon: Ou gen dwa pou mande alekri pou nou kominike avèk ou konsènan enfòmasyon sou sante ou nan lòt mwayen oswa nan lòt kote ki endike nan demann ekri ou.

Modifikasyon: Ou gen dwa pou mande pou nou fè modifikasyon nan enfòmasyon medikal ou. Ou dwe fè demann lan alekri epi ou dwe eksplike rezon ki fè nou ta dwe modifiye enfòmasyon yo. Nou ka bay refi pou demann ou sèlman pou sèten sikonsans.

Avi Elektwonik: Si ou resevwa avi sa a sou sitwèb nou oswa nan adrès elektwonik (imèl), ou gen dwa pou resevwa avi sa a sou fòm ekri.

KESYON AK PLENT

Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou pratik nou yo pou konfidansyalite oswa si ou gen kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte nou. Si ou gen enkyetid pou nou te ka vyole dwa ou pou konfidansyalite, ou ka pote plent ban nou avèk enfòmasyon kontak ki endike nan fen Avi sa a. Ou ka prezante yon plent ekri nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini depi ou voye yon lèt nan adrès 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, calling 1-877-696-6775, oswa depi ou ale sou sitwèb www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints We will not retaliate in any way if you choose to file a complaint with us or the U.S. Department of Health and Human Services.

Fonksyonè pou Kontakte: Telefòn Fonksyonè HIPAA: 888-833-8441
Faks: 888-330-4331
Imèl: HIPAAOfficer@mobiledentists.com
Dat Kòmansman: Madi 1ye Novanm 2022